

SOAL BAHASA SUNDA KELAS 6 SEMESTER 1

NAMA :

KELAS :

Pilih salah sahiji jawaban nu benerna!

1. Karangan dina wangun lancar (prosa) anu ukuranana pondok disebutna
A. dongeng
B. carpon
C. sketsa
D. carita wayang
2. Dina karangan carita aya unsur-unsur di handap ieu, iwal
A. Palaku
B. Wirahma
C. latar
D. galur
3. Kecap nu teu ngandung rarangken tengah, nyaeta
A. Kumaki
B. Barudak
C. laleueur
D. gumanding
4. Kecap nu teu ngandung rarangken tengah -ar-, nyaeta ...
A. Baralik
B. jaragjag
C. karadak
D. arindit
5. Di handap ieu kalimah anu teu ngandung kecap pananya, nyaeta
A. Saha nu ngarang kumpulan carpon Kanyaah Kolot?
B. Kaayaan di sakolana teh kumaha ayeuna?
C. Ari Wandu teh sakola henteu?
D. Di mana Wandu teh bumina?
6. "Wanda the sakolana geus kelas VI".
Kalimah pananya anu cocog keur eta jawaban, nyaeta ...

- 
- A. Saha nu geus sakola kelas VI teh?
 - B. Di mana Wandu teh sakolana?
 - C. Sok kana naon Wandu teh indit sakolana?
 - D. Kelas sabaraha Wandu teh sakolana?

7. Kalimah di handap ieu anu salah nulis huruf kapital, nyaeta

- A. Dudi sakelas jeung Wandu.
- B. Di mana bumina Pa Dedi teh?
- C. Bapa nembe mulih ti Jakarta.
- D. Bu Lilis nuju ngawulang basa Sunda.

8. Kalimah di handap ieu anu salah nuliskeun tanda bacana, nyaeta

....

- A. Hayu ah urang ucing sumput.
- B. Iraha Kang Ajat sumpingna?
- C. Barudak kelas VI keur diajar basa Sunda.
- D. Doni, pangnyandakkeun buku di perpustakaan!

9. Di handap ieu anu lain kalimah aktip, nyaeta

- A. Mang Nana keur ngala buah
- B. Kang Dudung meuncit hayam
- C. Bapa ngala lauk di balong.
- D. Jang Adang kacugak paku.

10. Ieu di handap anu lain kalimah pasip, nyaeta

- A. Oray diteunggeul ku tangkal sampeu.
- B. Buah diala ku Mang Nana.
- C. Barudak keur diajar ngawih.
- D. Si Dede keur diacukan ku Mamah.

11. Ieu di handap anu lain seni budaya Sunda, nyaeta

- A. Angklung
- C. calung

B. Bangreng

D. tari lilin

12. Kesenian angklung the dijieunna tina

A. Kai

C. parunggu

B. Awi

D. kuningan

13. _____ ku puyeng, Ma lcih ngagubrag.

Kecap anu merenah keur ngeusian titik-titik eta kalimah, nyaeta

....

A. Aya

C. lamun

B. Bakating

D. najan

14. Pangeran nyiptakeun kaayaan nu beda-beda teh sangkan urang

....

A. Silih asih

C. silih poyok

B. Silih ajenan

D. silih tipu

15. Motto "Bhinneka Tunggal Ika" teh hartina

A. Bangsa Indonesia the boga rupa-rupa seler bangsa

B. Nagara Indonesia boga rebuan pulo

C. Nagara Indonesia sarua jeung Nusantara

D. Najan rineka tur bineka, tetep hiji